



Règleman Chanselye (Chancellor Regulation, CR)

Nimewo: **A-831**

Sijè: **ARASMAN SEKSYÈL ANT ELÈV**

Kategori: **ELÈV**

Pibliye : **23 oktòb 2019**

REZIME CHANJMAN YO

Regleman sa a modifye ak ranplase CR A-831 ki gen dat 12 septanm 2011.

Regleman sa a tabli yon pwosedi pou pote plent, investigate ak rezoud plent sou arasman seksyèl ki rive ant elèv ak elèv nan nivo lekòl la.

Chanjman:

Li klarifye langaj regleman Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, NYCDOE) konsènan arasman seksyèl ak revanj ki rive ant elèv ak elèv. (Seksyon I)

- Li di yo entèdi arasman seksyèl andeyò lakou lekòl la lè konpòtman sa a deranje oswa lè yo prevwa li ta ka deranje pwosesis edikasyon an oswa mete sante, sekirite, moralite oswa byennèt kominote lekòl la an danje. (Seksyon I.B)
- Li klarifye pou di nenpòt vanjans kont moun akòz yo rapòte oswa akòz investigate arasman seksyèl ant elèv, yo konsidere sa tankou vanjans. Y ap investigate vanjans epi yo ka pran sanksyon apwopriye si yo jwenn se verite. (Seksyon I.C)
- Li klarifye pou di arasman seksyèl ka yon sèl ensidan oswa yon seri ensidan ki lye. (Seksyon I.D)
- Li defini arasman seksyèl ki fèt onivo elektwonik epi li bay egzanp ki gen ladan medya sosyal, blogs, chat rooms, ak sistèm jwèt. (Seksyon I.E)
- Li ogmante egzanp konpòtman arasman seksyèl pou vin gen ladan bay manti oswa fè sikile rimè ki gen karaktè seksyèl, pèsekisyon atravè itilizasyon teknoloji, je dou, flète ak penche lòt ankò. (Seksyon I.F)
- Li elimine seksyon definisyon an.
- Li defini "rapò" jan yo itilize l nan regleman sa a pou l siyifi yon rapò sou arasman seksyèl ant elèv ke viktim lan oswa lòt moun (paegzanp estaf, paran oswa lòt elèv) fè. (Seksyon II.A)
- Li klarifye pou di chak direktè nome omwen yon(1) manm estaf pou jwe wòl lyezon pou prevansyon arasman seksyèl (Sexual Harassment Prevention, SHP) ki ka resevwa rapò sou arasman seksyèl ant elèv epi ki jwe wòl yon resous pou elèv ak estaf. Lyezon SHP an dwe se yon administratè, sipèvizè, pwofesè, konseye pedagogik, sikològ lekòl oswa asistan sosyal ki gen lisans k ap travay nan lekòl la aten plan. (Seksyon II.B)
- Li ajoute pou di SHP dwe a resevwa trening. Nan ka yon lyezon SHP sètifye pa nan pozisyon an ankò, direktè lekòl la dwe asire li nome yon lyezon SHP ki resevwa trening sa a nan

espas 30 jou. Annatandan, direktè lekòl la dwe chwazi yon lyezon SHP tanporè imedyatman. (Seksyon II.B.1)

- Li egzije nan ka kote yon lyezon SHP pa kapab fè djòb li nan lekòl la tanporèman pou yon tan pwolonje, direktè lekòl la dwe chwazi yon lòt moun pou sèvi kòm lyezon tanporè jiskaske lyezon SHP a retounen. (Seksyon II.B.2)
- Li ajoute pou di nenpòt manm estaf ki temwen yon arasman oswa ki konnen oswa ki gen enfòmasyon oswa ki resevwa tande nouvèl yon elèv arase yon lòt elèv oblije tousuit rapòte aloral aksyon sa a yo sispèk la bay lyezon an nan espas yon (1) jou lekòl epi voye yon rapò alekri pou dekri ensidan an pa pi ta pase de(2) jou lekòl apre li fin fè rapò vèbal la. Direktè/reprezantan I dwe asire kopi enprime fòm rapò yo disponib. (Seksyon II.C)
- Li revize ak ranplase dokiman siplemantè fòm pou pote plent ki gen hyperlink/url la avèk fòm pou pote plent/fè rapò. (Seksyon II.C ak D)
- Li ajoute pou di yo ka fè rapò arasman seksyèl ant elèv aloral oswa alekri, tankou lè yo voye fòm plent/rapò a ba direktè/reprezantan I, ba lyezon SHP a oswa ba nenpòt lòt manm estaf lekòl la oswa atravè portal ki sou entènèt la(Online portal). Yo ajoute tou Hyperlink/url nan online portal la. (Seksyon II.D)
- Li ajoute pou di elèv, paran, ak moun ki pa estaf ka fè yon rapò san yo pa bay non yo epi y ap envestige rapò sa yo epi y ap konsidere verifye enfòmasyon rapòtè ki pa bay non I sa bay yo. (Seksyon II.G)
- Li egzije pou lyezon SHP a rapòte imedyatman tout rapò sou arasman seksyèl ant elèv ba direktè/reprezantan I. (Seksyon II.H)
- Li klarifye pou di yo dwe kenbe tout rapò ekri (paegzanp imèl, rapò ki fèt sou fòm pou pote plent/fè rapò nan dosye envestigasyon an nan lekòl la. (Seksyon II.I)
- Li egzije pou yo antre tout rapò sous arasman seksyèl nan sistèm rapò sou ensidan ki rive (Online Occurrence Reporting System, OORS) nan espas yon (1) jou apre yo fin resevwa rapò sou arasman seksyèl la. (Seksyon II.J)
- Li egzije direktè/reprezante I dwe mete okouran paran elèv yo di ki viktim lan ak paran elèv yo akize a nenpòt lè li resevwa yon rapò. Yo dwe fè anons sa yo imedyatman men pa pi ta pase de(2) jou lekòl apre direktè/reprezantan I fin resevwa rapò a. (Seksyon II.K)
- Li ajoute pou di si moun yo di ki viktim lan di direktè/reprezantan I li enkyete pou sekirite I poutèt plent sa a, direktè/reprezantan I ap deside si li dwe enfòmè paran elèv yo di ki viktim lan apre yo fin konsidere pwoblèm vi prive ak pwoblèm sekirite. Direktè/reprezantan I ka pale avèk Office of the General Counsel lè I ap pran desizyon sa a. (Seksyon II.K)
- Li klarifye pou di kote move konduit yo yo di a se yon krim, direktè/reprezantan dwe kontakte tou lapolis epi li ka pale avèk Senior Field Counsel ak/oswa Direktè sèvis elèv, Borough/Vil la. (Seksyon II.L)
- Li ajoute pou di si yo pa ka fè envestigasyon sou plent lan nan nivo lekòl la akoz kalite ak gravite akizasyon an (yo), direktè a/reprezantan I dwe chita pale avèk kowòdonatè Tit IX DOE a. (Seksyon II.M)

- Li klarifye pou di direktè/reprezantan l dwe envestige rapò sou arasman seksyèl ki rive ant elèv ak elèv la nan espas senk(5) jou lekòl apre yo fin resevwa rapò a. (Seksyon III.A)
- Li di yo dwe fè entèvyou ak tout konsène ak tout temwen apa, lè direktè/reprezantan l fè yon envestigasyon, yo dwe kenbe tout mesaj sou envestigasyon an epi yo dwe mete nan dosye tout dat yo fè chak entèvyou. (Seksyon III.A)
- Li ajoute pou di kòm yon pati nan envestigasyon an, yo dwe jwenn evidans ki enpòtan (paegzanp videyo) ak pou gade gid sou kòman pou jere materyèl entènèt ki pa apwopriye epi kontakte direktè sekirite onivo Borough a ak Avoka anchèf sou teren an, si sa nesesè. (Seksyon III.A.6)
- Li egzije pou di nan fen envestigasyon an, direktè/reprezantan l dwe revize tout evidans yo epi decide si akizasyon yo fone dapre majorite evidan yo. (Seksyon III.B)
- Li klarifye pou di direktè/reprezantan l dwe decide si konpòtman yo di a se yon vyolasyon regleman sa a. (Seksyon III.C)
- Li ajoute lòt egzanp faktè pou yo konsidere lè y ap decide si gen yon vyolasyon regleman sa a, tankou si konpòtman an gen efè sou edikasyon, konpòtman, konpòtman sosyal, byennèt mantal ak emosyonèl viktim lan ak si gen enkyetid sou sekirite viktim lan. (Seksyon III.C)
- Li egzije nan fen envestigasyon an pou direktè/reprezantan l dwe mete enfòmasyon sa yo nan Online Occurrence Reporting System(OORS): rezilta envestigasyon an; yon desizyon si akizasyon yo fone ak si konpòtman sa a se yon vyolasyon regleman sa a. Yo dwe mete enfòmasyon sa yo nan Online Occurrence Reporting System(OORS) nan espas dis(10) jou lekòl apre yo fin resevwa rapò sou arasman seksyèl ki rive ant elèv ak elèv la, absans sikonstans ki mwen grav. Yo dwe voye yon kopi rapò Online Ocurrance Reporting System (OORS) la ba kowòdonatè Tit IX la ak ba Direktè sèvis elèv, Biwo Borough/Vil la. (Seksyon III.C)
- Li egzije nan espas dis(10) jou lekòl apre yo fin resevwa yon rapò sou arasman seksyèl, san sikonstans mwen grav, pou yo avèti paran alekri pou di si plent lan fonde ak si konpòtman an se yon vyolasyon regleman sa a. (Seksyon III.E)
- Li ajoute pou di si nenpòt lè avan oswa pandan envestigasyon an, yo jwenn li apwopriye pou fè entèvansyon ak bay sipò avan rezilta final envestigasyon an, yo dwe mete paran yo okouran epi yo ta dwe aplike entèvansyon ak bay sipò ki apwopriye. (Seksyon III.G)
- Li egzije pou yo fè entèvansyon ak bay elèv yo di ki viktim lan, elèv yo akize a ak temwen yo sipò. (Seksyon IV.B)
- Li bay lòt egzanp entèvansyon ak sipò tankou rekòmandasyon pou sèvis medikal, sipò ak ajisteman akademik (paegzanp chanjman nan kou, manje midi/repo oswa nan orè pwogram apre lekòl la) devlopman plan sipò endividyèl, oswa transfè pou rezon sekirite dapre Regleman Chanselye(Chancellor's Regulations) a. (Seksyon IV.B)
- Li egzije pou yo devlope ak aplike yon plan sipò endividyèl pou yon elèv ki se viktim vyolasyon regleman sa a pou pi piti ki fonde de fwa nan menm ane lekòl la ak/oswa pou yon elèv yo jwenn ki te vyole regleman sa a de fwa oswa plis deja nan menm ane lekòl la (Seksyon IV.B)

- Li egzije depi yo fin fè investigasyon an epi yo pran yon desizyon, yo dwe fè entèkansyon ak bay sipò pou elèv yo di ki viktim lan ak elèv yo akize a ak temwen yo lè sa nesesè. Yo dwe evalye entèkansyon ak sipò yo ka dapre ka epi yo dwe sipèvizè ak modifè yo, si sa nesesè. (Seksyon IV.B)
- Li klarifye pou di elèv yo jwenn ki vyole regleman sa a ap resevwa sanksyon dapre kòd disiplin lan ak pwosedi ak kritè ki nan CR A-443. (Seksyon IV.D)
- Li di direktè/reprezantan l dwe mete nan OORS biwo sispansyon ak odisyon (Suspensions and Office of Hearings) tout entèkansyon ak sipò yo ofri konsène ak temwen yo ak tout sanksyon yo pran akòz yo jwenn elèv ki te gen konpòtman yo entèdi a. (Seksyon IV.E)
- Yo ajoute mo “Prekansyon” nan antèt seksyon an. (Seksyon V)
- Li elimine ak ranplase dokiman siplemantè pou modèl avi ki gen hyperlink/url lan ak materyèl ekri ke Office of Safety and Youth Development prepare. (Seksyon V.A)
- Li revize ak ranplase dokiman siplemantè bwochi ki gen hyperlink/url lan ak avi ke Office of Safety and Youth Development prepare. Paran/elèv k ap antre lekòl la pandan ane lekòl la dwe resevwa yon kopi nan moman y ap antre lekòl. (Seksyon V.B)
- Li klarifye pou di ni medyasyon ni rezolisyon konfli pa yon entèkansyon ki apwopriye nan okenn sikonstans pou okenn konpòtman ki vyole regleman sa a ak rekòmande kòd disiplin lan ak CR A-101 ak A-449 pou plis enfòmasyon sou entèkansyon ak sipò ak regleman ak pwosedi pou jwenn yon transfè. (Seksyon IV.B)
- Li egzije pou yo mete non ak enfòmasyon pou kontakte lyezon SHP a nan sitwèb lekòl la. (Seksyon V.C)
- Li klarifye pou di yo bay estaf ki pa fè pati estaf pedagogik la enfòmasyon ak trening sou regleman sa a. (Seksyon V.D)
- Li di chak direktè dwe resevwa trening sou idantifikasyon ak anpechman arasman seksyèl(tankou vyolans seksyèl), sou regleman ak lwa kont diskriminasyon, sou pwosedi pou enjistis ak resous ki disponib pou konsène yo. (Seksyon V.E)
- Li di chak direktè dwe asire moun direktè a nome pou fè investigasyon an ak lyezon SHP a resevwa trening pou idantifye ak anpeche arasman seksyèl ak diskriminasyon. (Seksyon V.E)
- Li di plan pou fè lekòl yo fè yon sèl ak plan pou fòmasyon jenès(Consolidated School and Youth Development Plan) lan dwe gen non lyezon SHP a. (Seksyon VI.A)
- Li egzije pou Consolidated School and Youth Development Plan sètifye yo te diskite regleman sa a avèk estaf ki pa fè pati estaf pedagogik la. (Seksyon VI.B)
- Li egzije pou Consolidated School and Youth Development Plan lan sètifye ak di dat kote direktè a, SHP a ak moun yo nome pou fè investigasyon an resevwa trening. (Seksyon VI.C)
- Li di yo dwe ekilibre konfidansyalite kont obligasyon pou kowopere avèk lapolis k ap fè investigasyon pou bay pwosè san patipri ak/oswa pou pran mezi ki nesesè pou envestige oswa rezoud plent. (Seksyon VII)

- Li bay enfòmasyon sou jan pou pote plent deyò sou arasman ant elèv ak elèv. (Seksyon VIII)
- Li ajoute enfòmasyon pou kontakte kowòdonatè Tit IX NYCDOE a ak hyperlinks/urls pou sitwèb Tit IX. (Seksyon IX)
- Li mete ajou non biwo yo.

Nimewo: **A-831**

Sijè: **ARASMAN SEKSYÈL ANT ELÈV**

Kategori: **ELÈV**

Pibliye : **23 oktòb 2019**

REZIME

Se règleman NYCDOE pou l kenbe yon anviwònman aprantisaj ak edikatif ki favorab kote ki pa gen arasman seksyèl elèv ak lòt estaf fè. Arasman sa yo se konduit yo entèdi epi yo p ap tolere nan lekòl, pandan lè lekòl, avan oswa apre lekòl, sou lakou lekòl la, nan aktivite lekòl la patwone oswa pandan yo nan machin DOE peye oswa lòt kote lè konpòtman sa a deranje oswa ta ka deranje pwosesis edikasyon an oswa mete andanje sante, sekirite, moralite oswa byennèt kominote lekòl la. Règleman sa a egzije pou yo nome yon lyezon pou SHP, jan yo defini l pi ba a , ki resevwa trening sou règleman sa a epi ki pral resevwa rapò sou arasman seksyèl ant elèv. Règleman sa a aplikab pou pwosedi pou rapò, investigasyon, avi ak swivi pou arasman seksyèl ant elèv. Elèv ki vyole règleman sa a ap resevwa entèvansyon, sipò ak sanksyon , kòm sadwa dapre Atant sou konpòtman Vil la pou sipòte aprantisaj elèv (Citywide Behavioral Expectations to Support Student Learning ke yo rele (Kòd disiplin) ak CR A-443. Viktim ak temwen ap resevwa entèvansyon ak sipò kòm sadwa. Pou plent kont diskriminasyon ant elèv (tankou diskriminasyon dapre sèks, idantite sèks, ekspresyon sèks ak oryantasyon seksyèl), arasman, entimidasyon ak/oswa vyolans, tanpri gade CR A-832.

I. POLICY

- A. Se règleman NYCDOE pou l kenbe yon anviwònman aprantisaj ak edikatif ki favorab kote ki pa gen arasman seksyèl elèv fè sou lòt elèv. Se yon vyolasyon règleman sa a si yon elèv arase yon lòt elèv nan konduit oswa nan kominikasyon nan yon manyè seksyèl ki pa apwopriye ki grav, pèsistan , anwayisan ki ka: (1) afekte yon fason konsiderab kapasite elèv la pou patisipe oswa benefisye nan pwogram edikasyon, aktivite lekòl la patwone oswa nenpòt lòt aspè edikasyon yon elèv; oswa (2) kreye yon move anviwònman lekòl ki vyolan, oswa ki plen entimidasyon; (3) afekte yon fason negatif opòtinite edikasyon elèv la.
- B. Arasman sa yo se konduit yo entèdi nan lekòl, pandan lè lekòl, avan oswa apre lekòl, sou lakou lekòl la nan aktivite lekòl la patwone oswa pandan yo nan machin DOE peye oswa lòt kote lè konpòtman sa a deranje oswa ta ka deranje pwosesis edikasyon an oswa mete andanje sante, sekirite, moralite oswa byennèt kominote lekòl la.

- C. Se regleman DOE pou entèdi vanjans kont nenpòt elèv, paran, oswa amplwaye DOE ki dapre konsyans li rapòte oswa patisipe nan yon envestigasyon sou akizasyon arasman seksyèl elèv kont elèv. Yo konsidere tout aksyon negatif kont moun akòz patisipasyon yo nan yon aktivite ki pwoteje sa yo kòm vanjans. Y ap envestige vanjans epi yo ka pran sanksyon apwopriye si yo jwenn se verite. Tèm "paran" an, kèlkeswa lè yo itilize l nan règleman sa a vle di paran elèv la oswa responsab li, oswa tout moun ki jwe wòl paran oswa k ap pran swen elèv oswa elèv la li menm, si li se yon minè emansipe oswa si li gen laj 18 lane.
- D. Arasman seksyèl ant elèv ak elèv se konduit ki pa apwopriye ak/oswa kominikasyon ki sou fòm seksyèl yon elèv adrese ak yon lòt elèv. Konpòtman sa yo kapab konsidere kòm arasman seksyèl kèlkeswa sèks, oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl oswa ekspresyon sèks nenpòt nan elèv ki fè yo. Arasman seksyèl kapab yon ensidan senp oswa yon seri ensidan ki konekte.
- E. Arasman seksyèl ant elèv ka pran plizyè fòm. Li ka vèbal, nonvèbal, fizik, ekri oswa kominikasyon elektwonik. Arasman ki fèt onivo elektwonik se kominikasyon atravè teknoloji enfòmasyon tankou sa yo ak lòt ankò: Entènèt, telefòn selilè, imèl, Asistan dijital pèsònèl, aparèy san fil, medya sosyal ak blòg.
- F. Arasman seksyèl se bagay sa yo, men se pa sèlman sa :
- Bay presyon oswa mande pou fè sèks pou ofri avantaj nan fè sèks;
 - angaje nan konpòtman vyolan oswa pou fòse fè sèks (paegzanp agresyon, vyòl) oswa fòse yon moun fè zak seksyèl;
 - angaje nan konduit fizik ki gen karaktè seksyèl tankou touche kò oswa rad yon moun, tate, bo, penche, ponyen oswa fwote ak yon lòt moun;
 - fè kòmantè seksyèl, sijesyon, remak, ensilt, menas, takine ak/oswa fè blag oswa poze kesyon ki pa apwopriye ki gen yon karaktè seksyèl;
 - Fè kòmantè endesan, vèbal oswa ekri sou kò yon moun;
 - fè jès endesan;
 - Swiv yon lòt moun pou pèsèkite l tankou nan itilizasyon teknoloji;
 - je dou, flèt seksyèl oswa pwopozisyon seksyèl;
 - sikile rimè oswa mensonj ki gen nati seksyèl;
 - anrejistreman, afich, ekspozisyon, ak/oswa distribisyon san pèmision, imaj , videyo, odyo, anrejistreman, foto oswa desenki gen oryantasyon seksyèl oswa ki sijere sèks; ak
 - menase oswa patisipe nan abi fizik, seksyèl, vèbal oswa/oswa emosyonèl pou fè mal, entimide oswa kontwole yon mennaj oswa yon ansyen mennaj (abi nan renmen).

II. PWOSEDI POU FÈ RAPÒ

- A. “Fè rapò” jan yo itilize l nan regleman sa a vle di yon rapò sou arasman seksyèl ant elèv ke moun yo di ki viktim lan oswa lòt moun (paegzanp estaf, paran oswa lòt elèv) fè.
- B. Chak direktè dwe nome omwen yon (1) manm estaf pou jwe wòl lyezon pou SHP ki ka resevwa rapò sou arasman seksyèl ant elèv epi ki jwe wòl yon resous pou elèv ak estaf. Lyezon Sexual Harassment Prevention (SHP) an dwe se yon administratè, sipèvizè, pwofesè, konseye pedagogik, sikològ lekòl oswa travayè sosyal ki gen lisans k ap travay nan lekòl la atenplen.
1. Toutan, dwe gen yon lyezon SHP nan lekòl la ki resevwa trening ki dekri nan seksyon V.D. Nan ka yon lyezon SHP sètifye pa nan pozisyon an ankò, direktè lekòl la dwe asire li nome yon lyezon SHP ki resevwa trening sa a nan espas 30 jou. Annatandan, direktè lekòl la dwe chwazi yon lyezon SHP pa enterim imedyatman.
 2. Nan ka kote yon lyezon SHP pa kapab fè djòb li nan lekòl la tanporèman pou yon tan pwolonje, direktè lekòl la dwe chwazi yon lòt moun pou sèvi kòm lyezon tanporè jiskaske SHP a retounen.
- C. Nenpòt manm estaf ki se temwen yon arasman oswa ki konnen oswa ki gen enfòmasyon oswa ki resevwa nouvèl yon elèv arase yon lòt elèv oblije tousuit rapòte aloral aksyon sa a yo sispèk la bay lyezon SHP a nan espas yon (1) jou lekòl epi voye yon rapò alekri epi voye fòm plent/Rapò a (ki disopoinib nan <https://cdn-blob-prd.azureedge.net/prd-pws/docs/default-source/default-document-library/a-831-reporting-form.pdf?sfvrsn=43ca449>) pou dekri ensidan an ba lyezon SHP oswa ba direktè/reprezantan l pa pi ta pase de jou (2) lekòl apre li fin fè rapò vèbal la. Direktè/reprezantan dwe asire kopi enprime fòm rapò yo disponib.

- D. Elèv, paran, ak lòt endividi ki pa estaf ka rapòte akizasyon sou arasman seksyèl ant elèv aloral oswa alekri si yo voye fòm plent/rapò a (disponib nan <https://cdn-blob-prd.azureedge.net/prd-pws/docs/default-source/default-document-library/a-831-reporting-form.pdf?sfvrsn=43ca449>), ba direktè/reprezantan I, ba lyezon SHP a oswa ba nenpòt lòt manm estaf oswa sou online portal (disponib nan <https://www.nycenet.edu/bullyingreporting>).
- E. Elèv ki kwè yon lòt elèv fè arasman seksyèl kont li oswa ki se temwen oswa ki gen enfòmasyon sou ensidan sa yo ta dwe rapòte ensidan an imedyatman.
- F. Si yon elèv oswa paran pa santi li alèz pou fè yon rapò bay lekòl la, elèv la oswa paran an ka kontakte biwo Sekirite ak fòmasyon jèn (Office of School and Youth Development, OSYD) pou imèl rapò a nan RespectForAll@schools.nyc.gov. Men egzanzp sikonstans kote sa ka apwopriye: Si elèv la/paran an pa fin kwè règleman an aplikab pou konpòtman sa a; si yon elèv/paran te fè yon rapò deja epi konpòtman toujou ap kontinye; oswa si elèv la/paran an pè prezante tèt li. Nan sikonstans sa yo, OSYD ap deside ki mezi apwopriye y ap pran apre dapre regleman sa a.
- G. Elèv, paran, ak moun ki pa estaf ka fè yon rapò san yo pa bay non yo epi y ap envestige rapò sa yo epi y ap envestige ak konsidere rapò sa yo dapre enfòmasyon rapòtè ki pa bay non I sa bay yo.
- H. Lyezon SHP a dwe avèti imedyatman direktè/reprezantan I sou nenpòt rapò li resevwa.
- I. Direktè/reprezantan I dwe asire I yo kenbe nan dosye envestigasyon nan lekòl la tout rapò ekri (pa egzanzp imèl, rapò ki fèt sou fòm pou pote plent/fè rapò (disponib nan <https://cdn-blob-prd.azureedge.net/prd-pws/docs/default-source/default-document-library/a-831-reporting-form.pdf?sfvrsn=43ca449>)).
- J. Direktè/reprezantan I dwe mete tout rapò yo nan Online Occurrence Reporting System (OORS) nan espas yon (1) jou lekòl apre yo fin resevwa rapò a epi envestige imedyatman jan yo di I nan seksyon III.
- K. Direktè direktè/reprezante I dwe mete okouran paran elèv yo di ki viktim lan ak elèv yo akize a nenpòt lè li resevwa yon rapò. Yo dwe bay avètisman sa yo imedyatman men pa pi ta pase de (2) jou lekòl apre direktè/reprezantan I fin resevwa rapò a. Si elèv yo di ki viktim lan enfòmè direktè/reprezantan I sou pwoblèm sekirite poutèt plent sa a, direktè/reprezantan I ap deside si I gen pou enfòmè paran viktim lan apre yo fin konsidere pwoblèm vi prive ak pwoblèm sekirite. Direktè/reprezantan I ka pale avèk avoka anchèf sou teren an (Senior Field Counsel) lè I ap pran desizyon sa a.
- L. Lè direktè a/reprezantan I kwè akizasyon an se yon krim, li dwe kontakte lapolis. Direktè/reprezantan an ka kontakte Senior Field Counsel ak/oswa Direktè sèvis elèv biwo Borough/vil la.

- M. Si yo pa ka fè investigasyon sou plent lan nan nivo lekòl la akòz kalite ak gravite akizasyon an (yo), direktè a/reprezantan l dwe chita pale avèk kowòdonatè IX DOE a.

III. ENVESTIGASYON

- A. Yo dwe investigate tout rapò. Yo dwe fè entèvyou ak tout konsène yo ak temwen yo apa. Yo dwe kenbe tout mesaj sou investigasyon, epi mete nan dosye dat chak entèvyou. Direktè/reprezantan l dwe pran etap investigasyon ki tabli pi ba a pi vit posib men pa pi ta pase senk (5) jou apre yo fin resevwa rapò a.
1. fè entèvyou avèk moun yo di ki viktim lan;
 2. mande moun yo di ki viktim lan pou prepare yon deklarasyon alekri k ap genyen otan detay posib, tankou yon deskripsyon konpòtman an, ki lè ak ki kote sa te pase, epi kiyès ki te ka temwen;
 3. Fè entèvyou avèk elèv yo akize a epi fè li konnen si li te gen konpòtman an vre, fòk sa sispann imedyatman;
 4. mande elèv yo akize a pou ekri yon deklarasyon ;
 5. Fè entèvyou avèk tout temwen, epi mande yo fè deklarasyon alekri; ak
 6. jwenn tout evidans ki enpòtan (paegzanp imaj oswa videyo oswa anrejistremant son, lè genyen). Direktè/reprezantan l ta dwe gade gid DOE a sou kòman pou jere materyèl sou entènèt ki pa apwopriye epi li ta dwe kontakte Direktè sekirite Borough a ak Senior Field Counsel, si sa nesesè.
- B. Nan fen investigasyon an, direktè/reprezantan l dwe revize tout evidans yo epi deside si akizasyon yo fonde dapre kantite evidans yo (sa vle di dapre yon evalyasyon tout evidans tankou kalite evidans yo ak kredibilite konsène yo ak temwen si gen plis chans pou sa yo rapòte a se verite).
- C. Si akizasyon yo fonde, direktè/reprezantan l dwe deside tou si konpòtman an vyole regleman sa a. Lè y ap pran desizyon, direktè/reprezantan l dwe evalye totalite sikonstans ki antoure konpòtman an. Direktè/reprezantan l ta dwe konsidere kantite faktè ki ta ka bagay sa yo ak lòt ankò :
- laj chak moun ki enplike yo ;
 - tip, gravite ak kategori konpòtman an ;
 - si konpòtman an gen pou wè ak sèks ;
 - si konpòtman an vyolan ;
 - si konpòtman an deplase ;
 - kantite fwa ak kantite tan konpòtman an dire ;
 - kantite moun ki te enplike nan aksyon an;
 - sikonstans ki fè sa te rive;
 - kibò sa te pase ;

- si te gen lòt ensidan nan lekòl la deja avèk menm elèv yo ;
 - si konpòtman an gen efè negatif sou edikasyon moun yo di ki viktim lan tankou prezans, pèfòmans akademik oswa patisipasyon nan aktivite anplis ki pa fè pati kourikoulòm lan;
 - si konpòtman an afekte konpòtman viktim lan nan entèaksyon sosyal li nan lekòl;
 - si gen enkyetid ki eksprime sou sekirite viktim lan; ak
 - si byennèt mantal, emosyonèl oswa fizik viktim lan afekte.
- D. Nan fen investigasyon an, direktè/reprezantan l dwe mete enfòmasyon sa yo nan Online Occurrence Reporting System(OORS): rezilta investigasyon an; yon desizyon si akizasyon yo fonde ak si konpòtman sa a se yon vyolasyon regleman sa a. Yo dwe mete enfòmasyon sa yo nan Online Occurrence Reporting System(OORS) nan espas dis(10) jou lekòl apre yo fin resevwa rapò sou arasman seksyèl yo di ki rive ant elèv ak elèv la, absans sikonstans ki mwen grav. Yo dwe voye yon kopi rapò Online Occurrence Reporting System (OORS) la ba kowòdonatè Tit IX la ak ba Direktè sèvis elèv, Biwo Borough/Vil la.
- E. Direktè/reprezantan l dwe fè paran elèv yo di ki viktim lan ak paran elèv yo akize a konnen alekri si gen nenpòt akizasyon ki fonde ak si konpòtman an se yon vyolasyon regleman sa a. Si nenpòt nan akizasyon sa yo fonde, anons sa a dwe fè paran yo konnen tou pou yo kontakte lekòl la pou diskite ensidan an ak tout swivi ki fèt ak disponiblite ki genyen pou fè entèvansyon ak sipòte pou pitit yo, lè sa apwopriye. Yo dwe fè paran yo konnen nan espas dis (10) jou lekòl apre yo fin resevwa rapò a, si pa gen sikonstans ki mwen grav. Si yo pran yon desizyon pou pa avèti paran elèv yo di ki viktim lan jan yo dekri l nan seksyon II.K, yo p ap fè paran yo konnen enfòmasyon yo jan yo di l nan paragaf sa a.
- F. Y ap bay enfòmasyon ki nan seksyon III.E a dapre lalwa eta ak lwa federal ki pwoteje konfidansyalite sou enfòmasyon ki nan dosye elèv. Kidonk yo ka enfòmè paran elèv yo di ki viktim lan sèlman sou swivi, entèvansyon oswa sipò ki konsène elèv yo di ki viktim lan epi yo ka enfòmè paran elèv yo akize a sèlman sou swivi, entèvansyon oswa sipò ki konsène elèv yo akize a.
- G. Si nenpòt lè avan oswa pandan dewoulman investigasyon an, direktè/reprezantan l deside entèvansyon ak sipò apwopriye avan rezilta final yon investigasyon pou asire sekirite oswa byennèt yon elèv (tankou viktim lan, elèv yo akize a ak nenpòt temwen), yo dwe avèti paran elèv la epi yo ta dwe aplike entèvansyon ak sipò epi sipèvize yo ak modifiye yo, lè sa nesesè, jan yo di sa nan seksyon IV.B.

IV. ETAP POU SUIVI

- A. Direktè a/reprezantan l dwe pran mezi imedya ak apwopriye pou fè suivi pou asire move konpòtman an sispann.
- B. Depi investigasyon an fini epi yo pran yon desizyon, jan yo di l nan seksyon III, yo dwe fè entèvansyon ak bay sipò pou viktim lan ak elèv yo akize a ak temwen yo, lè

sa nesesè. Yo dwe evalye entèkansyon ak sipò yo ka dapre ka epi yo dwe sipèvize ak modifiye yo, jan sa apwopriye. Entèkansyon ak sipò yo se bagay sa yo ak lòt ankò:

- Rekòmandasyon pou sèvis medikal nan lekòl oswa andeyò lekòl;
- Rekòmandasyon ba asistan sosyal, konseye, sikològ oswa lòt estaf apwopriye lekòl la oswa rekòmandasyon ba ajans òganizasyon kominotè pou oryantasyon(counseling), sipò ak/oswa sèvis edikasyon oswa sèvis sante mantal;
- Sipò ak ajisteman akademik (paegzanp chanjman nan kou, manje midi/poz oswa orè pwogram aprelekòl);ak
- Devlopman plan sipò endividyèl (yo dwe devlope ak aplike yon plan sipò endividyèl pou yon elèv ki se viktim vyolasyon ki fonde regleman sa a de fwa pou pi piti nan menm ane lekòl la ak/oswa pou yon elèv yo jwenn ki te vyole regleman sa a de fwa oswa plis deja nan menm ane lekòl la).

Ou ka jwenn plis detay osijè sipò ak entèkansyon yo nan Kòd Disiplin lan. Ni medyasyon ni rezolisyon konfli nan okenn sikonstans pa entèkansyon ki apwopriye pou konpòtman ki vyole regleman sa a. (gade tou CR A-101 ak A-449 ki fikse regleman ak pwosedi pou jwenn yon transfè si yo transfè nesesè.

- C. Lè yon elèv pran abitud itilize menas oswa abi fizik, seksyèl ak/oswa emosyonèl pou kontwòle yon moun li renmen avèk li, oswa nan ka vyolans seksyèl, lekòl la ta dwe rekòmande ni viktim lan ni elèv yo akize a nan lekòl oswa CBO apa pou counseling, sipò ak edikasyon.
- D. Elèv yo jwenn ki vyole regleman sa a ka resevwa sanksyon ki apwopriye dapre kòd disiplin lan ak pwosedi ak kritè ki nan CR A-443.
- E. Direktè/reprezantan l dwe mete tout entèkansyon ak sipò yo ofri tout konsène ak temwen yo ak tout sanksyon ki pran kont elèv yo jwenn ki te gen konpòtman ki entèdi a nan sistèm sou entènèt ki pou biwo sispansyon ak odisyon (Suspensions and Office of Hearings Online, SOHO) atravè OORS.

V. PREVANSYON, ANONS AK TRENING

- A. Chak lekòl dwe afiche aklè yon kopi avi OSYD prepare a(li disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/respect-for-all/respect-for-all-handouts>) pou eksplike regleman DOE konsènan arman seksyèl ant elèv yon kote ki aksesib pou elèv, paran ak estaf. Avi sa a dwe gen ladan l non lyezon SHO yo nome pou resevwa rapò sou arasman seksyèl, epi li dwe endike ki kote nan lekòl la yo ka jwenn kopi règleman sa a ak kòman pou pote yon plent.
- B. Chak lekòl dwe distribiye oswa mete materyèl ekri disponib sou fòm elektwonik ke OSYD prepare chak ane(disponib nan <https://www.schools.nyc.gov/school-life/policies-for-all/respect-for-all/respect-for-all-handouts>) ki ensiste sou pwosedi ak regleman ki nan regleman sa a, tankou pwosedi pou swiv pou fè yon rapò ba tout

estaf lekòl, paran ak elèv. Paran/elèv k ap antre lekòl la pandan ane lekòl la dwe resevwa enfòmasyon sa yo nan moman y ap antre.

- C. Chak direktè/reprezantan l dwe asire yo non ak enfòmasyon pou lyezon SHP a nan sitwèb lekòl la epi pataje yo avèk elèv ak paran omwen yon fwa nan ane a, tankou atravè kominikasyon elektwonik oswa bay elèv la enfòmasyon sa yo pou li pote lakay.
- D. Chak direktè/reprezantan l dwe asire yo bay elèv ak estaf(paegzanp estaf ki pa pedagojik) enfòmasyon ak trening sou regleman ak pwosedi ki nan regleman sa a nan dat 31 oktòb chak ane lekòl la pou pi ta.
- E. Chak direktè dwe resevwa trening pou idantifye ak anpeche arasman seksyèl (tankou vyolans seksyèl), regleman ak lwa kont diskriminasyon, pwosedi pou enjistis ak resous ki disponib pou konsène yo nan dat 31 oktòb chak ane pou pi ta. Chak direktè dwe asire moun yo nome pou fè investigasyon ki dekri nan seksyon III a resevwa tou trening saa nan dat 31 oktòb chak ane lekòl pou pi ta..
- F. Chak direktè dwe asire anplis trening lekòl la ki nan seksyon V.D, lyezon SHP a konplete trening obligatwa SHP OSYD fè a.
- G. Yo dwe mete yon kopi règman sa a disponib pou paran, estaf lekòl ak elèv, lè yo mande sa.

VI. PLAN GLOBAL LEKÒL AK FÒMASYON JÈN

Chak direktè dwe bay enfòmasyon sa yo nan Plan global lekòl ak fòmasyon jèn (*Consolidated School and Youth Development Plan*) nan dat 31 oktòb pou pi ta chak ane:

- A. Non lyezon SHP a(yo). Yo dwe mete enfòmasyon sa yo ajou lè sa nesèsè.
- B. Prè ke yo te diskite règ ak pwosedi ki nan Règleman sa a avèk elèv ak manm estaf yo (tankou estaf ki pa pedagojik); ak
- C. Prè ak dat direktè a, lyezon SHP a ak moun yo nome pou fè investigasyon ki dekri nan seksyon III resevwa trening regleman sa a egzije.

VII. KONFIDANSYALITE

Se règman DOE pou l respekte dwa prive tout moun ki konsène ak temwen nan rapò ki fèt dapre regleman sa a. Sepandan, yo dwe ekilibre nesèsite pou konfidansyalite dapre obligasyon pou kolabore avèk investigasyon lapolis, pou bay moun yo akize a tout dwa li genyen ak/oswa pou pran dispozisyon nesèsè pou envestige oswa pou rezoud plent lan. Kidonk, yo ka divilge enfòmasyon ki nan rapò a nan sikonstans ki apwopriye oswa jan lalwa mande sa oswa lè sa nesèsè pou pwoteje yon elèv ki sekirite l oswa byennèt li ki menase.

VIII. LÒT PWOSEDI POU FÈ RAPÒ

Pwosedi entèn sa yo pa retire dwa okenn moun pou yo mande konkou lòt kote tankou pote plent nan nenpòt nan ajans deyò tankou:

Office for Civil Rights

New York Office

32 Old Slip, 26th Floor

New York, NY 10005-2500 Telephone:

(646) 428-3800

Facsimile: (646) 428-3843

OCR.NewYork@ed.gov

<http://www.ed.gov/ocr>INQUIRIES

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, voye yo nan:

Office of School and Youth Development

NYC Department of Education

52 Chambers Street – Room 218

New York, NY 10007

Telefòn: (212) 374-6807

Facsimile: (212) 374-5751

RespectForAll@schools.nyc.gov

Kowòdonatè Tit IX

[Title IX Inquiries@schools.nyc.gov](mailto:Title_IX_Inquiries@schools.nyc.gov)

Telefòn: (718) 935-4987